

## EKSPLIKASYON EFÈ TRANSFÈ BYEN SOU ELIJIBLITE POU Asistans Medikal

Eleman sa a eksplike kijan yon transfè byen kapab afekte elijiblite w pou Asistans Medikal. Byen gen ladan yo tout revni ak resous oumenm ak mari/madanm ou yo, tankou tout revni oswa resous oumenm oswa mari/madanm ou dwe resevwa men pa resevwa akòz yon aksyon oswa yon omisyon oumenm oswa mari/madanm ou an. Yon transfè se lè yo bay yon pwopriyete oswa byen oswa vann li sòti nan men yon moun ale nan men yon lòt moun. Pou rezon Asistans Medikal, yon transfè yo entèdi se aksyon volontè kote w bay oswa vann pwopriyete oswa byen ou yo bay yon lòt moun san li pa resevwa yon bagay ki gen menm valè a ann echanj, pou li kapab elijib pou:

- Sèvis yo bay nan yon mezon retrèt, tankou ospis epi swen alontèm yo jere, oswa etablisman swen kouran; oswa
- Swen mezon retrèt yo bay nan yon lopital.

Pwogram Asistans Medikal la pa pral peye pou okenn sèvis yo site anwo a si gen yon entèdiksyon byen yo ka kalkile (valè total yon pwopriyete, revni, ak resous ki depase estanda Asistans Medikal yo otorize yo) pou yon montan enferyè valè a, yo te fè nan 36 mwa anvan aplikasyon w lan pou pwoteksyon sèvis Asistans Medikal etablisman swen, oswa nenpòt lè aprè w fin aplike pou Asistans Medikal, pou w ka peye pou sèvis etablisman swen ki site pi wo yo. Nan ka yon fidisi, nou pral fè yon verifikasyon sou yon peryòd 60 mwa.

Pou transfè ki fèt anvan oswa aprè 8 fevriye 2006, si yo te fè transfè a nan 60 mwa anvan aplikasyon w lan pou resevwa pwoteksyon Asistans Medikal nan men yon etablisman sèvis enfimye, oswa nenpòt moman w aplike pou Asistans Medikal pou w peye sèvis etablisman enfimye yo, epi w reponn ak lòt egzijans elijiblite yo, pwoteksyon asirans Asistans Medikal ou an kapab gen restriksyon pou yon peryòd tan.

### Kisa yon pwoteksyon asirans ki limite vle di?

Pwoteksyon limite vle di w pa pral resevwa pwoteksyon Asistans Medikal pou yon tan pou kalite tretman ak sèvis sa yo:

- Sèvis yo bay nan yon mezon retrèt, tankou ospis epi swen alontèm yo jere, oswa etablisman swen kouran; oswa
- Swen mezon retrèt yo bay nan yon lopital.

### Kijan yo detèmine pwoteksyon asirans limite a?

Nan moman oumenm oswa mari/madanm ou fè transfè byen ki enferyè ak pri li vo a, ou p ap kapab resevwa Asistans Medikal pou sèvis yo site anwo pou yon titan, selon kantite byen yo te transfere yo. Nou detèmine kantite mwa ou pa elijib nan sèvis sa yo pandan n ap divize li ak valè byen ki transfere yo pa dedomaje pa to mwayèn chak mwa pou sèvis enfimye ou resevwa nan etablisman nan rejyon w ap viv la. **Pou transfè yo te fè avan 8 fevriye 2006**, peryòd sanksyon an ta dwe kòmanse nan premye jou ki nan mwa ki suiv mwa yo te fè transfè a. **Pou transfè yo te fè pandan oswa aprè 8 fevriye 2006**, peryòd sanksyon an ta dwe kòmanse nan premye jou ki nan mwa ki suiv mwa yo te fè transfè byen oswa nan mwa yo mete w nan yon enstitisyon epi ou ta otreman elijib pou peyman swen Medicaid nan nivo enstitisyonèl, selon dat ki rive an dezyèm, epi ki pa rive pandan okenn lòt peryòd elijiblite.

### Kijan yo detèmine valè byen ki transfere epi yo pa dedomaje?

Nou pran valè mache ekitab byen w lan nan moman transfè a fèt la. Nou retire tout prè, ipotèk oswa lòt dèt legal ki gen sou byen an ou poko peye ansanm ak montan konpansasyon ou resevwa pou byen an. Anplis de sa, nou ka retire kèk resous oswa revni ou te neglije, si sa nesèsè.

### Ki transfè ki pa afekte elijiblite ou pou Asistans Medikal?

Gen eksepsyon nan règ transfè yo. Pwoteksyon Asistans Medikal ou a pa limite lè yon transfè fèt si:

1. Byen an/yo te transfere bay mari/madanm ou (oswa bay yon lòt moun benefis mari ou oswa madanm sèlman) oswa se mari/madanm ou ki fè transfè a ba ou; oswa
2. Mari/Madanm ou te transfere byen an/yo bay yon lòt moun nan benefis mari/madanm ou sèlman; oswa
3. Byen an/yo te transfere bay pitit ou yo sètifye avèg, oswa yo sètifye andikape, kèlkeswa laj li, oswa bay yon mandatè nan benefis pitit sa a sèlman; oswa
4. Byen an/yo te transfere bay yon mandatè nan sèl benefis yon moun ki gen mwens pase 65 lane yo sètifye ki andikape; oswa
5. Byen ki transfere a se te pwopriyete ou (pa egzanp: yon kay oswa yon apatman ou posede), epi pwopriyete a te transfere bay:
  - a. Mari/madanm ou; oswa
  - b. Pitit ou ki minè ki poko gen 21 lane, oswa pitit ou yo sètifye avèg oswa yo sètifye andikape nèt; oswa
  - c. Frè ou oswa sè ou ki gen yon enterè ekite (fon pwòp) tou nan kay la epi ki t ap viv nan kay la pandan omwens yon (1) lane jis avan ou te al nan mezon retrèt la; oswa
  - d. Pitit ou (apa yon timoun ki gen mwens pase 21 lane oswa ki sètifye avèg/andikape) ki t ap viv nan kay ou a pandan omwens de (2) lane jis aprè ou al nan etablisman an epi ki te ba w swen ki te pèmèt ou rete nan kay la olye w te al nan yon mezon retrèt oswa yon etablisman swen.

REMAKE: Menmsi Depatman an pa trete yon pwopriyete a vi ou genyen kòm resous yo ka konte lè y ap detèmine elijiblite w pou Asistans Medikal, yon pwopriyete a vi gen valè epi ou ka gen pou peye yon penalite pou transfè si ou transfere enterè pwopriyete a ou bay yon lòt moun.

### **Ki lòt transfè ki pa afekte elijiblite w pou Asistans Medikal?**

Si oumenm oswa mari/madanm ou te transfere byen pou mwens pase valè ekitab mache, ou ka toujou jwenn pwoteksyon Asistans Medikal sèvis etablisman swen si ou kapab pwouve:

1. Oumenm oswa mari/madanm ou te deside transfere (yon) byen nan valè ekitab mache oswa resevwa lòt konsiderasyon ki gen valè pou byen an/yo; oswa
2. Byen an/yo te transfere pou rezon kalite pou yon lòt rezon sèlman ki pa t elijiblite pou pwoteksyon Medicaid pou swen ak sèvis ki gen rapò ak sa jan sa dekri nan paj devan an; oswa
3. Yo retounen w tout byen ou te transfere yo

Si pa gen prèv ki dekri nan 1 oswa 2 anlè a, nou p ap limite pwoteksyon Asistans Medikal ou a si nou jwenn malgre tout efò w, jan distri sèvis sosyal la detèmine l la, ou pa kapab rekipere byen ki transfere a/yo oswa ou pa ka resevwa valè mache ekitab pou byen an. Nou p ap limite pwoteksyon Asistans Medikal ou tou si nou jwenn limitasyon sa a ap vin yon difikilte ki pa apwopriye pou moman an pou ou. N ap konsidere gen difikilte ki pa apwopriye pou moman an si: (a) ou satisfè tout kondisyon pou kalifikasyon yo, epi (b) ou pa kapab jwenn swen medikal apwopriye ki pou sove sante w ak vi w, oswa (c) aplikasyon penalite pou transfè a t ap prive w de manje, rad,abri oswa lòt bagay ou bezwen pou w viv. Ou ka mande pou yo ba w yon konsiderasyon pou difikilte ki pa apwopriye pou moman an nenpòt lè pandan yon peryòd pwoteksyon limite akòz penalite pou transfè. (re)-evalyasyon an ka pran jiska twa (3) mwa avan ou te fè demann pou egzaminen difikilte ki pa apwopriye pou moman an. Oumenm, mari/madanm ou, reprezantan ou oswa etablisman swen w kapab mande pou (re)detèmite difikilte ki pa apwopriye pou moman an.

### **Kijan ou ka pwouve transfè a pa t fèt pou elijiblite pou sèvis medikal sa yo?**

N ap sipoze tout transfè byen ki entèdi ki te fèt nan peryòd avan ki aplikab la te fèt nan lide pou w elijib pou Asistans Medikal. Si ou pa dakò ak sipozisyon sa a, ou dwe bay prezante ajan k ap egzaminen elijiblite w pou Asistans Medikal prèv ki montre transfè a te fèt pou lòt rezon. Men kèk faktè ki ka montre yon transfè te fèt pou lòt rezon apa pou jwenn elijiblite pou Asistans Medikal:

1. Si maladi grav oswa yon andikap frape w sanzatann aprè transfè a fin fèt; oswa
2. Si ou pèdi lòt resous oswa revni ki t ap fè ou elijib pou Asistans Medikal, aprè transfè a fin fèt.

Sa yo se sèlman egzanp. N ap pran tout sikonstans transfè a an konsiderasyon ansanm ak faktè tankou laj, eta sante ak sityasyon finansye nan moman trabsfè a te fèt la. Li enpòtan pou fè remake ou gen pou devwa bay ajans sa a tout enfòmasyon konsènan tout byen ak tout lòt faktè konsekan ki ka afekte elijiblite w.

### **Ki dwa kontestasyon ou genyen?**

W ap resevwa yon avi alekri si nou detèmine pwoteksyon Asistans Medikal ou a dwe limite dapre akòz transfè pou mwens pase valè mache ekitab. Si ou twouve w nan yon etablisman swen oswa ou bezwen sèvis ki site nan seksyon "pwoteksyon limite" a nan moman nou pran desizyon nou an, avi a ap di w pou konbyen tan w ap gen yon pwoteksyon limite. Peryòd sa a ap baze sou kantite byen oswa mari/madanm ou transfere pou mwens pase valè mache ekitab la, ak mwayèn depans pou sèvis etablisman swen nan rejyon kote w ap viv la.

Ou gen dwa pou w konteste deszyon nou pran pou limite pwoteksyon w lan. Avi ekri nou an ap ba ou enfòmasyon sou jan pou mande nou reyinyon pou revize desizyon nou yo. Avi nou an ap ba ou enfòmasyon dwa ou pou ou jwenn Odyans san Paspouki devan Eta a si ou panse desizyon nou yo pa kòrèk.

### **SI OU GEN NENPÒT KESYON, KONTAKTE AJAN K AP EGZAMIMEN ELIJIBLITE W POU ASISTANS MEDIKAL OU A.**